

Fason pou Itilize Fòm Sa a

Lè w ranpli fòm sa a, ou pral otorize pwogram Jesyon Swen WellSense pou l:

- Pataje Enfòmasyon Sante Pwoteje w yo (Protected Health Information, PHI)*
avèk pwofesyonèl swen sante yo, lòt antite oswa òganizasyon kominotè yo
(lojman, manje, lekòl).
- Resevwa PHI ou yo nan men lòt pwofesyonèl swen sante yo ak ajan yo.
- Resevwa Enfòmasyon Pèsonèl ki konsène w yo nan men lòt antite ak òganizasyon kominotè yo.

Yo itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou kore swen ou ki ka gen ladan l mete w an kontak avèk resous lokal yo, kowòdone swen ant pwofesyonèl swen sante diferan ou genyen yo, elatriye.

Enfòmasyon sou manm lan (tanpri ekri enfòmasyon yo ak lèt detache)

Nimewo idantifikasyon manm ou (li sou kat idantite WellSense ou an)

Siyati manm lan

Non manm lan	Dezyèm non	Dat nesans (mwa/jou/ane)
--------------	------------	--------------------------

Adrès

Vil	Eta	Kòd Postal
-----	-----	------------

Telefòn (li pa obligatwa)

Enfòmasyon sou plan an

Tanpri chwazi tout plan otorizasyon sa a konsène:

Massachusetts	New Hampshire
<input type="checkbox"/> MassHealth <input type="checkbox"/> Timoun Espesyal/Swen Espesyal <input type="checkbox"/> Plan Clarity yo <input type="checkbox"/> Opsyon Swen Moun Aje	<input type="checkbox"/> NH Medicaid <input type="checkbox"/> Plan NH Clarity yo <input type="checkbox"/> Avantaj NH Medicare

*PHI gen ladan l nenpòt enfòmasyon sou sante w, tankou eta sante w, dosye medikal ou, oswa istorik peman w selon definisyon HIPPA epi li ka gen ladan l dosye twoub konsomasyon alkòl ak sibstans selon 42 C.F.R. Pati 2.

Enstriksyon espesyal pou konnen avèk ki moun nou kapab pataje PHI ou yo

Mwen otorize WellSense pou I pataje PHI mwen yo avèk pwofesonèl swen sante ak lòt antite ki enplike nan ban mwen swen epi pou I resevwa enfòmasyon pèsonèl mwen yo nan men menm pwofesonèl swen sante ak lòt antite sa yo pou jere swen mwen.

Si genyen pwofesonèl swen sante oswa lòt antite espesifik ou vle pou nou pataje oswa pa pataje PHI ou yo avèk yo oswa lòt enstriksyon espesyal, tanpri endike yo pi ba a:

Pataje yo avèk:

Pa pataje yo avèk:

Pa blye: Chwa ou fè pou w pa mete kèk pwofesonèl swen sante oswa lòt antite p ap afekte enskripsyon w, avantaj ou, ni peman WellSense fè pou swen sante w.

Otorizasyon pou pataje PHI ki sansib (tanpri parafe tout kaz ki aplikab)

Selon lwa federal ak lwa nan Eta a, WellSense bezwen konsantman w pou I pataje PHI ki sansib yo avèk lòt antite yo. Tanpri mete paraf ou bòkote kategori PHI ki sansib ou bay WellSense otorizasyon pou I pataje a.

	Paraf		Paraf
Avòtman		VIH/SIDA	
Swen oswa Tretman pou Minè ki Ansent		Rapò Mamografi	
Vyolans nan Kay		Sante Mantal oswa Konpòtmantal	
Planin Familyal		Agresyon Seksyèl	
Tès ak Rezulta Jenetik		Maladi Moun Pran nan Fè Bagay	
Konsomasyon Sibstans oswa Alkòl (san wete dosye tretman reglemantasyon Federal pwoteje, 42 C.F.R. Pati 2).			

Anilasyon otorizasyon pou pataje enfòmasyon mwen yo

Otorizasyon sa a ap fini nan dat ki pi ba a OSWA si enskripsyon mwen nan WellSense fini.

- Pataje enfòmasyon mwen yo
sèlman jiskaske dat sa a rive (mwa/jou/ane): _____

Mwen konnen mwen ka bay WellSense yon avi alekri nenpòt ki lè pou m di I mwen anile otorizasyon mwen an. Mwen ta dwe voye avi sa a nan adrès ki nan dènye paj la. Mwen konnen anilasyon otorizasyon an ap an vigè kou WellSense resevwa epi trete demann mwen an. Si yo déjà pataje enfòmasyon yo selon demann mwen te fè oparavan an, mwen konnen WellSense p ap kapab repran enfòmasyon sa yo.

Mwen konnen dosye tretman pou konsomasyon sibstans mwen yo gen pwoteksyon reglemantasyon federal ki kontwole Konfidansyalite ak Dosye Pasyan ki Gen Twoub Konsomasyon Sibstans, 42 C.F.R. Pati 2, ak Lwa ane 1996 sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA), 45 C.F.R. Pati 160 ak pati 164, epi yo pa kapab pataje yo san konsantman alekri mwen sof si lalwa prevwa sa yon lòt mannyè. Mwen konnen yo dwe ban m yon lis antite yo pataje enfòmasyon sou tretman pou konsomasyon alkòl oswa dwòg mwen avèk yo si mwen mande l.

Apwobasyon (Ou menm oswa reprezantan pèsonèl ou dwe siyen epi mete dat nan fòm sa a pou ranpli I)

Siyati manm lan Mwen te li epi mwen konprann kondisyon otorizasyon sa a epi mwen te gen okazyon pou m poze kesyon sou fòm sa a ak enfòmasyon sante yo pataje ki konsène m yo. Lè mwen mete siyati mwen anba a, mwen konnen mwen bay otorizasyon ak tout volonte m pou yo pataje oswa resevwa enfòmasyon sante mwen yo nan mannyè yo dekri pi wo a.	Enfòmasyon sou reprezantan pèsonèl la Yon reprezantan pèsonèl se yon moun ki gen otorite legal pou li aji nan non yon moun. Se sa ki fè WellSense dwe genyen nan dosye I yon kopí Pwokirasyon an, fòm Deziyasyon Reprezantan Pèsonèl la, oswa lòt dokiman jiridik sinon ou dwe soumèt yo avèk fòm sa a.
Siyati Manm nan/Reprezantan Pèsonèl la	Dat

Ekri Non an ak Lèt Detache

Soumisyon fòm nan

Ou kapab soumèt fòm sa a nan faks, imèl, oswa pa lapòs.

Nan faks

Massachusetts: 617-951-3426

NH: 866-409-5657

Nan lapòs

WellSense Health Plan

ATTN: Care Management

100 City Square, Suite 200

Charlestown, MA 02129

Nan lapòs

Massachusetts: CM.Tel@Wellsense.org

NH: NHCare.Management@Wellsense.org

Pa blye: imèl se pa yon mwayen sekirize
pou transfere enfòmasyon.

Si w gen kesyon sou PHI yo oswa fòm sa a, tanpri rele nan 866-853-5241 (pou manm ki
Massachusetts yo) oswa 855-833-8119 (pou manm ki New Hampshire yo)